ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№22 (22.930) • 2015 гъэм мазаем (февралым) и 7, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Кавказ Ищхъэрэ

Нэгъуэщ I къэралхэм къыщащэхухэм я пIэ ирагъэувэнухэр 2020 гъэр къэсыху ягъэхьэзырын папщIэ

Мазаем и 4-м екIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм егъэщIылIа IуэхуэмкIэ Правительствэ комиссэм дэлажьэ гупым и етIуанэ зэIущIэ. Ар техуэауэ щытащ мы щIыналъэм и промышленностыр къэIэтыжа зэрыхъунум.

ЗэIущIэм хэтащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхуэмкIэ и министр **Кузнецов Лев**, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIыу КИФЩI-м щыIэм и къуэдзэ **Милейкэ Сергей**, Урысей Федерацэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрым и къуэдзэ **Каламанов Георгий**, округым хыхьэ щIыналъэхэм я унафэщIхэр, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ, щIыналъэ органхэм, апхуэдэу къэрал компание, коммерцэу щымыт организацIи ин дыдэхэм я лIыкIуэхэр.

Кузнецов Лев и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, министерствэр хьэзырщ 2015 гъэм КИФЩI-м и щIыналъэхэм я экономикэмрэ псэукIэмрэ зэпымыууэ заужьныр къыздэгащэпэщын и лъэныкъуэкIэ псом япэу зэфIагъэкIыну Iуэхуэхэр щыгъэбелджылаэуэ Урысей Федерацэм и Правительствэм 2015 гъэм щIышылэм и 27-м къыдигъэкIа унафэ № 98-р я гъэзэщIэн папщIэ зэщIэзыгъэуIуэ къалэнхэр и пщэ дильхьажыну. «Гупльитэ нэхъыщхьэр хуэгъэзащ экономикэр, сырьеуэ щымыт икIи фIагъыщхэр зиIэ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIатеэкIкIэрэ нэгъуэщI къэралхэм къыщащэхуэр зэхъуэкIыным икIи ахэр нэгъуэщI къэралхэм егъэшэным хуэгъэзэа программэр пхызыгъэкI Iуэхуэщ IапIэхэм ядэIэпыкъуным»,- къыхигъэбелджылыкIащ абы.

Кавказ Ищхъэрэм и IуэхуэмкIэ министерствэр кризисым пэщIэтынымрэ къызэзыгъэпэщ комиссэм и лэжьыгъэм хэтщ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Шувалов Игорь и унафэм щIэту. Абы Iэмал къыдитынущ а лэжьыгъэр КИФЩI-м и щIыналъэхэм псынщIэу икIи зэщIэгъэзыIуэу щрагъэкIуэкIыну.

(КIэухыр 2-нэ кIуэдыжа.)

● КъБР-м и Парламентым

Иджырей щытыкIэм докIу

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэхуэсым законхэм я проект зыбжанэм щыхэплъащ. Абыхэм ящыщ «Хэхьыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ ятеухуа республикэ законхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукъ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бюджетыр зэрыщызэхалъхьэм теухуауэ», «Республикэ закон хэхахэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ», нэгъуэщIхэр.

АБЫХЭМ ятеухуа дэфтэрхэр депутатхэмрэ ахэр зэхьэлIа Iуэхущ IапIэхэмрэ хуагъэхьащ, халъхьэжыпхъэхэ, дэщIыгъуэжыпхъэ щыIэмэ, ябгъэхуну.

Парламентархэр тепсэлъыхьащ федеральнэ законхэм я проектхэм зэрелпъым, Урысей Федерацэм и Кодексым, Налог кодексым ехьэлIауэ щыIэ хабзэубзыкIэ жэрдэмхэм, псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм щыщыIэ гугъуехьхэм я зэкIыпIэм.

Депутатхэм унафэ къащтащ щIыпIэ самоуправлензм, къэрал властым я органхэм я лэжьыгъэр егъэфIакIуэным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIам щхьэкIэ - Налышк къалэм округым и Iэтащхьэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, егъэджэныгъэ Iэнатlэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам, ехьулIэныгъэ зэрыщызыIэригъэхьам папщIэ гимназие №94-м и унафэщI Нэгъуей Риммэ сымэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхьилъэ иратыну.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ** къыззохуэсахэм яхутепсэлъыхьыжащ Москва щекIуэкIа «Иджырей экономикэ, политикэ щытыкIэр. ЩIыналъэхэм щекIуэкI лэжьыгъэм и пIалъэр» семинар-совещанэм кърикIуахэм. Спикерыр къытеувыIащ УФ-м и Президент Путин Владимир и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэща Iуэхуэгъуэ зыбжанэм. Абы зэрыжиIамкIэ, кризис щытыкIэр цIыхухэм къатемыхьэлъэн, экономикэм зэпIэзэрыту зиужьын, псэукIэ тэмэм щыIэн папщIэ япэ игъэщIапхъэ къалэнхэр яубзыхуащ.

- Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыкIэлъыкIуэ лъабакъуэ хъуа къэпсэлъэныгъэм гулъытэ щыхуищIащ щIыналъэ хабзэубзыкIэ Iуэхущ IапIэхэм я лэжьыгъэр иджырей щытыкIэм деклIуу зэтеублэным, фракцIэхэм я къалэнхэр ирагъэфIэкIуэным, - жиIащ Егоровэм. Апхуэдэуи дыщIигъуащ КъБР-м и Парламентым а псом къадэкIуэу цIыхубэм я гурыгъу-гурыщIэхэр къилъытэу, я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэлэжьэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ IапIэ.

● Мэкъумэш Iэнатlэ

Сыт нобэ нэхъыщхьэр?

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ Iэ традзащ 2015 гъэм республикэм и мэкъумэш Iэнатlэм зегъэуэжьыным федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 333,9-рэ къызэрыхуауатIыпщынум теухуа зэгурыIуэныгъэм.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ – мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Дадэ МуIэед къызэрыхигъэщамкIэ, зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуащ ахъшэр унэтIыныгъибгъу ятещIыхьауэ къаззэрIэзрыхьнур: «Гъатхэ-губгъуэ лэжьыгъэм къыщыблагъэ мы лъэхъэнэм республикэм и мэкъумэшыщIэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ хадэхэкI гъэкIын Iэнатlэм зэрызыщIагъэкъуэнум. НэгъуэщIу жыпIэмэ, мэкъумэшыщIэхэм я финансэ дэIэпыкъуныгъэ хэтащ лэжьыгъэхэм, щым къытрах хъерым хэгъэхъуэным, гъавэ щIапIэхэр гъэпшэрыным трагъэкIуадэ ахъшэм щыщ къратыжынущ. А мурадхэм хухахынущ федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 84,8-рэ».

Жьызум гъэкIыным щыIэр хуэгъэхьэзырынымрэ а къэкIыгъэм егугъунымрэ федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуани 7,5-рэ хуауатIыпщыну я мурадщ. Сом мелуани 134-м щIигу къауатIыпщ, илъэс кудкIэ къэкI къэкIыгъэхэр хэсэнымрэ абыхэм якIэлъыплъынымрэ трагъэкIуэдэн папщIэ, жьы хъуа жьыгъэр къычIыжьным зэгурыIуэныгъэм щыхухахащ сом мелуан 12,1-рэ. Республикэм жьыдIэхэр къищэхуным тригъэкIуадэ ахъшэм щыщ яхуипшыныжьын мурадкIэ УФ-м и бюджетым щыщу къауатIыпщыр сом мелуан 11,7-рэ мэхъу. Iэщ гъэхъуным хухах субсидиехэр мелуан 61,2-рэ хъуэу ягъэуващ. Мэл, бжэн гъэхъуным зегъэужьыным федеральнэ ахъшэу сом мелуан 15,5-рэ къыхуауатIыпщащ.

«Iэ зытрадза зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэр республикэм и мэкъумэшыщIэхэм къэралыр адэкIи къаззэрыдэIэпыкъуным щыщ зы Iыхьэу аращ. Илъэсым кьриубыдэу иджыри нэгъуэщI зэгурыIуэныгъэхэри зэтщIылIэну ди гугъащ. Абыхэм Iэмал къатынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым и Iэнатlэу бюджет ахъшэ зыхухахыр нэхъыбэ щIынымкIэ. Иджыпсту нэхъыщхьэр – Iэмал зэриIэкIэ нэхъ псынщIэу икIи зыхащIэу мэкъумэшыщIэхэм а финансэ дэIэпыкъуныгъэр зэлъэгъэсынымрэ», - жиIащ Дадэ МуIэед.

САМЧЕНКЭ Светланэ,
КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ IапIэм и унафэщI.

Мы махуэхэм

Мазаем и 7, *щэбэт*

♦**Гренадэм и пIэпхъ махуэшхуэщ – щхьэхуит зэрыхъуар егъэпIапIэ**

♦1855 гъэм Курилхэмрэ Сахалинрэ зэдзэгушыным теухуауэ урыс-япон зэгурыIуэныгъэм Iэ традзащ.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист **Ашуров Танахум** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Бэлагъы Любовь** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налышк пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэщх тIэкIу къыщешхынуц. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Мазаем и 8, *тхьэмахуэ*

♦**Аэрофлотым и махуэщ**

♦КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Болэ Мурат** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Iэбубэчыр** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налышк пшэр техьэ-текIыу, пIалъэ-пIалъэкIэрэ къешх-кьесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Мазаем и 9, *блыщкьэ*

♦**Дзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ**

♦1895 гъэм Америкэм щыщ Морган Уильям волейбол джэгукIэр къиугупсысащ.

♦1897 гъэм Урысейм цIыхуу исыр япэу къыщащабжащ. Абы наIуэ къызэрыщIамкIэ, а зэманым ирихьэлIэу къэралым цIыху мелуани 126-рэ мин 400-рэ щыпсэурт.

♦СССР-м и цIыхубэ артист, Сталиным и щIыхькIэ ягъэуэвауэ щытта саугъэтыр тIэунейрэ зэхуэгъэфэща актер **Андреев Борис** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Иуан Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Европэм дзюдомкIэ и чемпион хъуа, XXII Олимп Джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа, УФ-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ **Емыжь Арэмбий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налышк уфауэ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ кьеш-кьесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыпIэ 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЬУМаринэщ.**

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

ПсэукIэмыщIэ уэкъуэлэ щIырейщ.

● Кавказ Ищхъэрэ

Нэгъуэщ I къэралхэм къыщащэхухэм я пIэ ирагъэувэнухэр 2020 гъэр къэсыху ягъэхьэзырын папщIэ

Есэнтlыгу къалэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм я экономикэ, псэуныгъэ Iэнатlэхэм зэпымыууэ заужьныр къызэгъэпэщыным егъэщIылIа Iуэхуэхэм ятеухуа зэIущIэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщыIэ щытыкIэм щытепсэлъыхьым, Мусуков Алий къыхигъэщхьэхуIащ экономикэ, псэуныгъэ Iэнатlэхэм зэпымыууэ заужьныным ехьэлIа Iуэхуэхэр зэтезыхуэну комиссэ республикэм къызэрыщызэрагъэпэщащ, кризисым пэщIэтын папщIэ ялэжьыныгъэр зэрыщагъэбелджылар. Гулъытэ щхьэхуэ щыхуащI хьэрычэтыщI лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ, инновацэ лIэужьыгъуэхэм, мэкъумэш, промышленность, гъэсныныпхъэ-энергетикэ Iэнатlэхэм, ЖКХ-м, транспортым зарагъэужьыным. Социальнэ Iэнатlэм щамурадащ псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм нэхъ рэз зи хэхъуэкIэ нэхъ цIыкIу цIыхухэм щхьэхуэхуэу ядэIэпыкъуну, медицинэ IуэхутхьэбзэкIэ ирагъэфIэкIуэну, лжэлаIэнщэхэм я бжыгъэр ягъэмащIэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэ проект инхэу щэщIым нэблагъэ щагъэзащIэ.

ЗэфIэдгъэкI Iуэхуэхэм, жиIащ Мусуковым, инвесторхэр къытухрашэлIэнущ. Абы Iэмал къыдитынущ бюджет лIэужьыгъуэ псоми налогхэм щыщу яIэрыхьэм хэдгъэхъуэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэпIэзэрытщ: 2015 гъэм и кIэм промышленностым къитыр процентI 104-м нэсынущ, мэкъумэш Iэнатlэм процентI 3-кIэ нэхъыбэ къыщрахьэлIэнущ, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэу зэфIагъэкIар процентI 108-рэ хъунущ, налог, налогыу щымыт хэхъуэхэу бюджетым процент 30-м щIигъукIэ нэхъыбэ Iэрыхьэнущ, 2014 гъэм елъытауэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

● ЗэIущIэхэр

Есэнтlыгу къалэм къыщащта унафэ

★★★ ★★★

ТекIуэныгъэм Иным траухуэ

● Гъуэзджэ

Къэрал музыкэ театрым щекIуэкIащ Бэракъ Плъыжьыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща, Александров А. В. и цIэр зезыхьэ, Урысей Армэм уэрэдымрэ къафэмкIэ и Академическэ ансамблым и концерт. Ар къызэрагъэпэщащ ТекIуэныгъэ Иным къызэрахьэрэ илъэс 70 зэрырикъум и щыхьхькIэ.

РЕСПУБЛИКЭМ исхэм щIэщыгъуэ ящыхьащ Урысейм и гуп цIэрыIуэм и уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ. Хэку зауэшхуэм, ТекIуэныгъэ Иным ятеухуауэ яуса уэрэдхэм пшыхьым кърихьэлIа нэхъыжьхэр гукъэкIыж нэщхьейхэм зэрыхащам, къэралым и тхыдэмра абы и блэкIа гуэвэгъуэхэмрэ нэхъ щIалэхэм я нэгу къызэрыщIагъэхьам шэч хэлъхьам. Зэхуэсахэм я гур хигъэхуащ гупым ягъэззэщIа кьафэ хьэлэмэтхэм.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин Александрэ А. В. и цIэр зезыхьэ, Урысей Армэм уэрэдымрэ къафэмкIэ и Академическэ ансамблым фIыщIэ хуищIащ икIи къыхигъэщащ апхуэдэ гупэр щыIэху, щIэблэм Хэку зауэшхуэр, тхыдэр зэращымыгъупщэнур.

Зауэм теухуа уэрэдхэм щIапIыкIа нэхъыжьхэм, ансамблым и гуащIэм дихьэххэм гуапэ ящыхъуащ гупыр Налшык къызэреблэгъар икIи Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ.

Концертыр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкIыгъуэ гъунэгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гу зытъытапхъэ

Я гуапэу фрагъэблагъэ

«Афганистаным, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа зауэхэм, зауэ зэпэщIэуэвэныгъэхэм я ветеранхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм республикэм и хьэщIэхэмрэ щыпсэухэмрэ ирегъэблагъэ хуагъэува къалэныр зыгъэзэщIа советыдзэхэр Афганистаным къызэрырашыжрэ илъэс 26-рэ щрикъум егъэщIылIа Iуэхуэхэм хэтыну.

Мазаем и 13-м «Налшык» спорт комплексым щекIуэкIынущ дзэ Iэпщэрызауэ лIэужьыгъуэмкIэ республикэ зэхьэзэхуэ.

Мазаем и 15-м Дей хадэм пэкIу щекIуэкIынущ икIи «Афганистаным щыхэкIуда зауэлI-интернационалистхэм папщIэ» фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэнущ. Апхуэдэ Iуэху дыдэхэр Хьэтlохъущокъуэм и хадэм щыIэ «ЩIыхьым и мафIэ мыужьых» мемориалым и дежи щекIуэкIынущ. ЩыщIидзэнур сыхьэт 12-рэ.

ХъыбарегъащIэ

2015 гъэм мазаем и 10-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ «Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къэмыгъэхъуным и Iуэхукlэ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я законодательствэр, апхуэдэу «2013-2020 гъэхэм КъБР-м къуаншагъэ щемыгъэлэжьыным, хабзэр щыгъэбыдэным, жылагъуэ щынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным» ятещIыхьа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэр КъБР-м и къэрал властым и Iуэхущ IапIэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и Iэнатlэхэмрэ зэрагъэзащIэр» парламент едэIуэныгъэхэр.

ЩыщIидзэнур сыхьэти 10-рэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ IапIэ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!
Мазаем и 27 пщIондэ Iэ тевдзэмэ, ди газетыр ныфхуахьынущ гъатхэпэм къыщыщIэдзауэ.
МазиплIым газетым и уасэр сом 559-рэ кIэпIейкIэ 20-рэщ.

Ди индексыр 51531

КъэлэныщIэхэр яубзыху

● Коллегнехэр

Егъэджэныгъэм и фIагъыр къыщащыгъэ республикэ центрым мазаем и 6-м щекIуэкIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэ. Абы къыщапщытэжащ илъэс блэкIам Iэнатlэм хуэзэфIэкIа-хэр, апхуэдэуи щаубзыхуащ 2015 гъэм къапэщылъ къалэныщIэхэр.

КОЛЛЕГИЕМ хэтхэм нэмыщI, зэхуэсым кърагъэблагъащ КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу Дроздов Игорь, Сабийхэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Iэгъуэ Светланэ, КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ Iуэхуэмкlэ и комитетым и пашэ Азычэ Светланэ, республикэм и къалэхэм, районхэм я Iэтащхьэхэр, абыхэм я къуэдзэхэр, щIыналъэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджэныгъэмкlэ щIыпIэ департаментхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр Емуз Нинэ. Коллегием и утыку кърахьэну Iуэхугъуэхэр зытеуухуахэр къызэхуэсахэм я пащхьэ иритлъха нэужь, ар кIэщIу къытеувыIащ зи пашэ Iэнатlэм и Iуэху зыIутым.

Министерствэм 2014 гъэм зэфIигъэкIа Iуэхугъуэхэмрэ къыпэщылъ къалэнхэмрэ ятеухуа доклад купщIафIэ зэхуэсым щищIащ министрым и къуэдзэ Iустэ Джульеттэ. Абы жIалэхэм къыщIагъуу, ар зэпэчрахуу зэIущIэм къыщыпсэлъащ Шэрэдж районым и администрацэм и Iэтащхьэ Муртазов Борис, Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым и унафэщI Абазэ Барэсбий, «Тхылъ» къэрал Iуэхущ IапIэм и пашэ Шаваевэ Аминат сымэ, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм илъэс блэкIам зэфIигъэкIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм коллегием хэтхэр арэзы техъуащ. Абыхэм ящыщ яубзыхуащ 2015 гъэм Iэнатlэм къыпэщылъ къалэнхэр икIи ахэр къыщыгъэлъэгъуащ дэфтэрыр къащтащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Нэгъуэщі къэралхэм къыщащэхухэм я пІэ ирагъэувэнухэр 2020 гъэр къэсыху ягъэхьэзырын папщІэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Лэжьакіуэ гупым и зэІуіщІэм апхуэдэу хэсыщхагъэщхьэхукІащ нэгъуэщІ къэралхэм кърашу щыта продукцэхэу сом мелардищ и уасэкІэ зэрызэрахъуэкІын Урысейр мы зэманым зэрызэныкъуэр. Апхуэдэ щытыкІэ щыщыІэ мы лъэхъэнэм Кавказ Ищхъэрэ щыІэныпІэ а Іуэхум куууэ хьыхьэн хуейщ. ЩыІэ Іэмалхэр инщ: Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ министерствэм къызэрыгъэтэмкІэ, ягъэззэщІэн зыщІадза проектхэм я фІыгъэкІэ промышленностым лэжьапІэ Іэнатіэщ мини 10-м нэс, мэкъумэш хозяйствэм - мини 2,5-м нэблагъэ къыщыізэІуахырыпкиуэ. Апхуэдэу лэжьапІэщхэр къыщызэрагъэпэщыфынущ экономикэм и нэгъуэщІ Іэнатіэхэмк. «Мы зэманым дэ ехъулІэныгъэ хэлъу зэлэжь проектхэр дубзыхун, диІэ Іэмалхэр, зэфІэкІхэр, мыльку дызыхэзыныкъуэхэр федерацэ псом къыщыхэтлъхьэн хуейщ», - къыхигъэщащ Кузнецов Лев. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм екъуІэныгъэ яІэу щолажьэ, Іуэхуэр тэмэму зэтраухуэмэ нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэхуу щытахэр зэрызэрахъуэкІынухэр зыгъэхьэзырыфыну Іуэхущ Іапі эхэр - ОПК-м къыщыщІэдзауэ промышленность псынщІэм щыщІэкІыжу.

УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и лІыкІуэхэм зэрыжаІамкІэ, а Іуэхущ Іапі эр иджы щыщІэдзауэ апхуэдэ лэжьыгъэм жыдэржу хэтщ. 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м министерствэм зэхилъхьащ икІи Урысейм и Правительствэм щыпхигъэкІащ «Промышленностым нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэхуу щытахэр зэрызэрахъуэкІынухэр игъэхьэзырынымрэ щІэгъэкъуэн хуэхъуным и Іэнатіэхэм щагъэхьэзырхэмкІэ 2020 гъэм ирихьэлІэу нэгъуэщІ къэралхэм хэсащэр процент 51-м ирагъэкІынурэ процент 39-м нэс ирагъэхьынущ. Мурадыр зрагъэхъулІэн я гугъэщ иджырей федерацэм программэхэм бюджет мылъку хуаутІыпщкІэрэ, апхуэдэу промышленностым инвестицІэ проектхэм зыщІагъэубгъуным хуэгъэзэ Іуэхуэхэр зэфІагъэкІІэрэ.

Гъатхэпэм и 1-м къыхахьи щІадзэнущ ахъшэ зытрагъэкІуэдэну проектхэр. Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэмкіэ министрым округым и щІыналъэхэм я лІыкІуэхэм захуигъэзащ дэтхэнэ инвестицІэ проектми унафэщІ щхьэхуэ ирагъэбыдыпІэнымк къыхуридижу. Іуэхуэр хуэгъэзащ дэтхэнэ Іэнатіэми ткІийуэ кІэлъыплъыным икІи унафэщІхэр лэжьакІуэ гупым быдэу пыщІауэ щытыным.

Кузнецов Лев къызэхуэсахэм апхуэдэу гу лъагирэтащ КИФЩІ-м и щІыналъэхэм къыхахьэ Іуэхуэхэм япэщІыкІэ хэплъэн икІи Урысейм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм щыщІагъэбыдэн папщІэ промышленнэ Іуэхущ Іапі э нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм зыуэщыт я реестр ягъэхьэзырыну.

ЗэІущІэм кърикІуахэм ябпкъ иткІэ Урысейм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэмкіэ и министерствэм и гъусэу УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм пщэрылъ щащІауэ 2015 гъэм мазаем и 13-р хэсыхуу Урысей Федерацэм и щІыналъэхэу КИФЩІ-м хьихьэхэм я гъэззэщІагъэ властым и органхэм къахьалъхьахэм хэплъэнырэ икІи ахэр зэрагъэкІуныр къызэригъэпэщыну.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Д. А. нэхъыжьу щысу КИФЩІ-м и социально-экономикэ зыужьныныгъэм ехьэлІа Іуэхуэхэмкіэ Правительствэ комиссэм ираугъэхьэ зэІуІэм къыщащта унафэхэм тету «Ростех» къэрал корпорацэм къалэн щащІащ округым и щІыналъэм радиоэлектрон промышленностым зыщІагъэужьныным егъэщІылІауэ къыхьалъхьэнхэр игъэхьэзырыну. Лэжьакіуэ гупым и зэІуІэм къызэрыщыхагъэщащи, «Росэлектроника» ОАО-м и игъэхьэзыращ КИФЩІ-м и радиоэлектрон комплексым и Іуэхущ Іапі эхэм зэхъуэкІыныгъэхэр егъэгъуэтыным икІи щІэныгъэ-производствэ зэпхыныгъэм комплекс къызэрэпэщыным теухуа концепцэ.

Урысейм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Гу зылъытапхъэ

Проценти 10-кІэ нэхъ пуду

2015 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэзыдзыну хуейхэм папщІэ пощтым и бжэхэр къызэІуех. Иджыпсту тезыдзэхэм къыдэкІыгъуэхэм щІатыну уасэр 2015 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІатам хуэдизщ. КъищынэмыщІауэ, зи щІэджыкІакІуэхэм газетыпщІэм яхуэкІэрызыгъэху къыдэкІыгъуэхэм папщІэ, Урысейм и Пощтми ар къызэрырихьэкІым и уасэм кІэрригъэхунущ.

АБы ЩЫТЕПСЭЛЪЫХьАЩ УФ-м Коммуникацэхэмрэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и министерствэм тхьэмахуэ кІуам иригъэкІуэкІа зэІущІэм.

Мазаем и 26-м щегъэжьауэ гъатхэпэм и 7 пщІондэ пощтхэм щекІуэкІакІуэнущ Іэ щыщІадзэ пІалъэр. Абы хэтынущ зи щІэджыкІакІуэхэм папщІэ уасэм кІэрызыгъэхуну федеральнэ, щІыналъэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэр.

УФ-м Коммуникацэхэмрэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и министерствэм унафэ зэрыщащІамкІэ, федеральнэ газетхэм я уасэр - проценти 5-кІэ, щІыналъэ газетхэм проценти 10-кІэ ягъэмэщІэнуущ. Абы щыгъуэм Урысей Пощтми и Іуэхутхьэбзэм техуэ пщІэм проценти 10 кІэ ригъэхунущ. Ауэ апхуэдэ хуэгъэкІуатэ щыщыІэнур иджырей Іэ тедзэгъуэ пІалъэр екІуэкІыхущ. Мэлыжьыхьым газет уасэм хэхъуэнкІэ хъунущ 2015 гъэм щыІэ инфляцэм теухуауэ.

«Іэ тедзэгъуэ пІалъэр имычэзуэ зэрырагъэкІуэкІым и закъуэкъым пощтым и лэжьакІуэхэм подпискэр яхъуэмэн папщІэ къагупсыс. АтІэ а Іуэхур дагыгъын папщІэ 2015 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Урысейм и Пощтым сом мелуан 600 хуэдизкІэ, жылэдэсхэм газетым щІат уасэм щыщ Іыхьэ яхухихащІыкІэ щхьэкІэ. Абы и фІыгъэкІэ щІыналъэ нэхъ жыжьэхэм тиражкэр щыхэхъуащ: Камчаткэм - процент 17-кІэ, Тыва - процент 18-кІэ, Приморскэ крайм - процент 12-кІэ», - жиІащ УФ-м Коммуникацэхэмрэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и министерствэм и унафэщІым и къуэдзэ Волин Алексей.

Къэралым щылажьэ пощт къудамэ псоми щІыхухэм къыщащІэфынущ Іэ щІэдзынкІэ зэрекІуэкІыр, апхуэдэуи ягу ирихь газетхэмрэ журналхэмрэ къыщащІэхуфынущ. Апхуэдэу ящэнур Іэ тедзэгъуэ пІалъэм хэта газетхэмрэ журналхэмрэщ.

Урысей Пощтым и унафэщІ Страшнов Дмитрий зэрыжиІамкІэ, а Іуэхущ Іапі эм щІыху мелуан 20-м Іуэхутхьэбзэ яхуищІэфынущ фІыуэ ялъагъу газетхэмрэ журналхэмрэ я унэм хуахьу е гъунэгъу пощт къудамэм къыщащтэжу зэтраублэнымкІэ.

ШАДРИНЭ Татьянэ.
«Российская газета».

● Зэпеуэхэр

Тхылъыр къэдвгъэщтэж!

«Еджэным псэр епсыхь!» республикІэ зэпеуэ къызэрагъэпэщащ Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ къэрал лъэпкъ библиотекэмрэ къалэн куэд зыгъэзащІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІалэгъуалэ центрымрэ.

ЗЭПЕУЭМ утыку къыщрахьэ щхьэж игу дыхьэ тхылъым ЩыІепсэлъыхьащ видеогъэлъэгъуэныгъэхэр. Ар йоКІуэкІ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ. Зэпеуэр зэраублэм иращІэкІа зэхьыхьэм Лъэпкъ библиотекэм щІыззхуишэсащ республикэм и щІалэгъуалэ жыдэржэр, щІэныгъэлІхэр, зауэм и ветеранхэр. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, Лъэпкъ библиотекэм и унафэщІ Емуэ Анатолэ, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я республикэ советым и унафэщІ Шыхьуэбахъуэ Мухьэмэд, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхьыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэн, Кьалэн куэд зыгъэзащІэ щІалэгъуалэ центрым и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Азубэч Азэмэт сымэ.

ЗэІущІэр зэхьыгъуакІащ Емуэ Анатолэ.

- Художественнэ тхыгъэм и мыльку щІэджыкІакІуэхэм къагурІуэныкІэ библиотекэм къалэнышхуэ егъэзащІэ. ЦІыхухэм тхылъыр къащтэжыкІэ Литературэм и илъэсыр сэбэп хъуну дыщогъуэ. Мы дэ къетхьэжьа Іуэхури аращ зытеухуар, Урысейм и цІыхухэм литературэр фІыуэ едгъэлъагъужыну дыхуейщ, - жиІащ абы.

Тхылъыр Іэхугъуэ куэдым хэкІыпІэ зэрахуэхъум тепсэлъыхьащ Къумахуэ Мухьэдин. Художественнэ тхыгъэм, тхылъым я лъапІагъэр щІэблэм нэхъыжьхэм зыхащІэныкІэ библиотекэхэм лэжьыгъэшхуэ зэращІэр къыхигъэщащ.

Іэхум хэтахэр яфІэигъэщІэгъуэну едэІуащ Налшык дэт 29-нэ школым и еджакІуэ Къалмыкъ Тамерлан. Ар кьеджащ Хэку зауэшхуэм хэта и адэшхуэм теухуауэ зэхилъхьа тхыгъэм.

ЗэІущІэм хэтахэм жаІащ мыпхуэдэ Іуэхуэхэр республикэм щІэх-щІэхыпрэ щегъэжьауэ, егъэджакІуэхэр, щІэныгъэлІхэр, гъуэджэм и цІыхухэр, тхакІуэхэр, политикхэр къеГъблэгъауэ Іуэху щхьэпэхэм тегъэпсэлъыхьын хуейуэ къызэралъытэр.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

● Егъэджэныгъэ

Лэжьыгъэ купщІафІэ щызэфІах

Тэрч къалэм иджыблагъэ щызэхэтащ Егъэджэныгъэм и Іуэхуэмкіэ щыпІэ жылагъуэ советым хэтхэм я зэІущІэ. Абы къыщащыгащ районым и еджапІэ Іэнатіэм 2014 гъэм зэфІиха лэжьыгъэхэр, апхуэдэуи щаубзыхуащ дызэрыт илъэсым къапэщылъ къалэнхэр. Зэхуэсым гулъытэ щхьэхуэ щыхуащІащ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр (ЕГЭ) къызыхуэтыншэу зэрегъэкІуэкІыпхъэм.

ТЭРЧ районым щолажьэ курыт школрэ гъэсапІэу 29-рэ. Абыхэм екІуалІэ сабий 8108-м ящыщу щыкІу 3011-р сабий садхэм я гъэсэнхэщ. Я узынщагъэкІэ ябгъэдэлъ сэкъатхэм кьыхэкІыу, я унэ щрагъаджэ ныбжьыщІэ 79-рэ.

Блэкіа илъэсым къриубыдэу щІыпІэм щызэфІахащ федеральнэ программэ зэмылІэужьныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэ щхьэпэ куэд. Ахэр хуэунэтІащ щІэблэр физкультурэмрэ спортымрэ дегъэхьэхьным, сабий ныкъуэдыкъуэхэм нэсу ядэлэжьным. Кьапщтэмэ, школищым я спорт залхэр кьызыхуэтыншэу зэрагъэпэщащ, ахэр зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэр кьащэхуащ.

Республикэ бюджетым кьыхэкІыу районым кьаутІыпщ субсидиехэр кьагъэсэбэнри, Инарыкъуей кьуажэм дэт пэщІэдзэ школым и унэр зэрагъэпэщыжащ. Ар мафІэм исауэ щытащ. Апхуэдэу республикэ мылькукІэ зэпэщ ящІыжащ Дей жьлэм дэт курыт школыр. Абы и унащхьэр зэрахъуэкІащ, бжэ-щхьэгъубжэхэр щІэуэ хагъэуващ.

Федеральнэ программэ щІэрыІуэм и фІыгъэкІэ сабийхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуам къыхэкІыу, школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысхэм зэрадэлажьэ щІыкІэхэр щрагъэфІакІуэ районым. А унэтІныныгъэмкІэ щІыпІэм щызэфІэкІ Іуэхугъуэхэм я фІыгъэкІэ, районым кьыщыззрагъэпэщащ иджыри сабии 120-рэ зыщІэхуэн гъэсапІэ пэщхэр. Абыхэм ящыщщ Курп Ипщэм кьыщызэІуаха сабий садыр. ЦІыкІуэхэр зэкІуалІэ гъэсапІэр зэпэщ унэлъащІэ екІуэкмкІи, жеипІэ тыншхэмкІи, джэгупІэ гъэщІэгъуэнхэмкІи, зытхьэщІыпІэ хуитхэмкІи.

Тэрч районым курыт школыр 2015 гъэм кьыщыдахынущ ныбжьыщІэ 339-м. Абыхэм псоми тэмэму ятхащ урысыбзэмкІэ экзаменыр пТыну хуитыныгъэ кьозыт сочинен-нэр. ЕджакІуэхэм ябзыхуакІэщ ятыну экзаменхэр. НыбжьыщІэхэр кьэрал кьэпщытэныгъэм нэхъыфІу хуэгъэхьэзырыным хуэунэтІащ чэнджэщ щат пунктхэу районым кьыщыззрагъэпэщащэр. ЕГЭ-р мы гъэм зэрекІуэкІынум техуэа лэжьыгъэ купщІафІэ драгъэкІуэкІ егъэджакІуэхэмк, еджакІуэхэмк, адэ-анэхэмк. Мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхум екъэлІауэ школхэм щрагъэкІуэкІ зэхуэс зэмылІэужьныгъэхэр.

ЕгъэджэныгъэмкІэ районым и Іэнатіэм 2014 гъэм зэфІиха лэжьыгъэр кьапщытэжа нэужь, абы щаубзыхуащ 2015 илъэсым гулъытэ хэха зыхуащІынухэр.

НЫБЭЖЬ Таисэ,
КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ.

● Фрагъэблагъэ

Гъатхэпэм и 31 пщІондэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу 2015 гъэм гъатхэпэм и 31 пщІондэ «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и кІудамэхэм токымкІэ щІыхуэр щызытыжа дэтхэнэри лотерее джэгум хьихьу, саугъэт лъапІэ кьихьэху хъунущ.

КИФЩІ-мрэ Кьалмыкъ Республикэмрэ электрокъарукІэ зэпымыууэ кьызэгъэпэщыныкІэ щэсыпІэу кьэув «Урысейм и сетхэр» ОАО-м и щІыналъэ компаниим щІыхуэхэм папщІэ кьыхелъхьэ «Ток уасэр и чэзуэ ети, саугъэтыр кьэхьэху!» зыфІащэ лотереер.

Тираж комиссэ щхьэхуитым и нэІэ щІэту, ар компьютер пхъэидзэкІэ мэлыжьхьым и пэщІэдзэм ирагъэкІыжынущ.

Налшык Щорсым и цІэкІэ щыІэ уэрамым тет 6-нэ унэм, «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и кІэщІапІэм, мэлыжьыхьым и 10-м текІуэхэр щагъэлъэпІэнущ.

«Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и пресс-Іуэхущ Іапі э.



● Гъуэзджэ

БЕЩТО Зэчий: «ТхьэМ къызита Іэщ Іагъэр си лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я зыужьныгъэм хуэзгъэлэжьэну си къалэнщ»

Дизайнер, щІэрыІуэ, усакІуэ, егъэджакІуэ, Тыркум щыпсэу ди хэкуэгъу Бещто Зэчий Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэщІащ. Ар къыщыпсэлъащ модельер-дизайнер Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым.

БЕЩТО Зэчий 1964 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м Тыркум щыщу Пынарбашы кьалэм епха Мэхъэрбашы къуажэм къыщалъхуащ. А къэралым и университетым тыркубзэмрэ литературэмкІэ и факультетыр къиухащ. Истамбул университетым студентхэр Іэпщ Іэпащ Іагъэм щыхуегъаз.

Зэхуэсхэр и лэжьыгъэм хигъэгъуэзэн и пэ къихуэу, хьэщІэм кьыхиГъэщащ илъагъуну куэд щІауэ зыхуэпабгъэ Хэкум Сэралъп Мадинэ кьызэрыригъэблэгъам абы и гур зэрыхигъэхуар, гукъыдэжьышхуэ кьызэрыритар. Адэкіэ Зэчий жиІаэм нэхъыщхьэу кьыхэтхаращи, дизайнер нэсым цІыху кьызэрыгуэкІхэм кьащъхьэщыкІ дуней лъагъукІэ, зыми емыщхь Іуэху еплъыкІэ иІэн, и зэфІэкІымрэ и зэчиймрэ и лжьыгъэхэмкІэ щІигъэбыдэн хуейщ. КьищынэмыщІауэ, зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми, и лъэпкъ щэнхабзэм, гъуэзджэм зригъэужьын хуейщ.

- Нобэрей дизайнерыр куэдым хищыкІыу, тхыдэм, литературэм, нэгъуэщІхэми щыгъуазэу, гъащІэм хуэнабдзэгубдзапІъэу щытын хуейщ. ЩІэныгъэшхуэ ббгъэдэлъэр ар кьыумыгъэсэбэлмэ, зыри и мыхьэнэкъым. Хьэпшыпыр щІэщыгъуэу, дахэу щытыпхъэщ. Си щхьэкІэ зы щІэ гуэр сигу къэкІакъэ, - жэщ-махуэ сиІэкъым, нэхъ псынщІэу ар зэрызгъэхьэзырыным сыхущІокъу. Тхьэм кьызита Іэщ Іагъэр си лъэпкъ щэнхабзэм, гъуэзджэм зегъэужьным хуэзгъэлэжьэну си къалэну кьызолъытэ, - жеІэ Зэчий.

А псалъэхэм щыхьэт тохъуэ и лжьыгъэхэм лъэпкъ дамыгъэхэр, тхыпхъэхэр Іэкіуэльакіуэ зэрыхиухуанэр. А Іэрыкіхэр зыльгъагъ дэтхэнэм и дежкІи гурыІуэгъуэ дизайнеры кьызыхэкІа лъэпкъыр, абы и кьуэпсыр, и лъабжьэр кьыщежьэр. ЦІыхубз вакъэ, сумкэ, нэгъуэщІ хьэпшып цІыкІу жыпІэми адыгэ дамыГъэхэр зэрыхилъхьэм уегъэгуфІэ.

Фэмрэ щэкІымрэ хьэпшып куэд кьыхэзыщІыкІ Зэчий Іуэхум бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ зэрыхуиІэм и нэщэнэу гу лъыботэ и лжьыгъэхэм щІэ гуэрхэр зэрыхэлъым. Си хьэтІ зиІэж Іэпщ Іэпащ Іэм и хьэпшыпхэр, фэилъхьэгъуэхэр зыуэ фІэкІа игъэхьэзырыркъым икІи ахэр ищэркъым. Нэхъыщхьэраци, Іэпщ Іэпащ Іэр зэпымыууэ щІэ гуэр мэлъыхьэу, ипкІэ мапІэр, нэхъапэкІэ цІыхухэр зримыхьэлІа гуэрхэр къегупсыс.

Композитор, усакІуэ Хьэлупэ Джэбрэил Зэчий фІыщІэ хуищІащ хэкум кьызэреблэгъам, и Іэщ Іагъэмрэ и щІэныгъэмрэ адыгэ Іэпхьэлъ и щхьэпкІэм, гъуэзджэм я зыужьныныгъэм зэрыхуигъэлажьэм папщІэ.

Республикэм исхэм телъыджэ ящыхъунтэкъэ анэдэлъхьэгъэ дахэу зыгъэшэрыуэ, адыгэгу, адыгэпсэ зиІэ, иджыри кьэс зи цІэ зэхамыса Бещто Зэчий и зэфІэкІхэр! ЗэхьокІ кьрихьэлІа дэтхэнэми ди хэкуэгъум и зэфІэкІхэр гуапэ ящыхьащ икІи Зэчий и гъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ. ХьэщІэм и адэжь щІыналъэм иджыри гъэмахуэм кьытригъэззэну дыкъинтэгуГащи, дыпэплъэнщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и прокуратурэм

Сом мини 5-кІэ йотхьэкъу

ЦІыхуэхэм зэрызыхуагъаззэм зэрыхэплъэ хабзэри къызэщІрагъэубыдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым Потребительскэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и Іуэхущ Іапі эм федеральнэ законодательствэр зэригъэзащІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм къипщытащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, пхъэнкІий зэхуэхьэсыпІэхэр (контейнерхэр) щагъэувкІэ санитар пщалъэхэр къызэрызэпаудым теухуауэ Налшык и «Горнэ» хьэлэм щыпсэуэхэм зэуІуу зэрызыхуагъэзам щыхэплъэм республикэм Потребительскэ кІэлъыплъныныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІым и кьуэдзэ Кудрявцев Ю. упщІэ псоми хуэфащэ жэуап яритакъым, пэжу икІи арэзы укъиущу ахэр зэпкърихакъым, цІыхухэм я хуитныгъэхэмрэ хабзэкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэнкр кьызэригъэпэщакъым.

Къэпщытэныгъэм кьрикІуам ипкъ иткІэ, УФ-м и КоАП-м и 5.59-нэ статьям кьызэрыщыгъэлъэгъуам тету (цІыхухэм я зэрызыхуагъазэкэм зэрыхэплъэ щІыкІэр кьызэрызэпиудам кьыхэкІыу), Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурорым и япэ кьуэдзэ Жекеев Алик Кудрявцев Ю. хуэгъэзауэ административнэ Іуэху къиІэтащ икІи хэплъэн папщІэ Налшык кьалэм и суд участкэ №96-м и ззэныгъэкІуэ судыщІэм иритащ.

Ззэныгъэкіуэ судыщІэм административнэ кьуэдыуэ сом мини 5 Кудрявцев Ю. трилъхьащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі э

● Банк Іуэхуэр

ТехнологиецІэхэм я фІыгъэкІэ

Урысейм и Хъумапі э банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ Іапі эм и хэщІапі э пхыдзахэмрэ и кьудамэхэмрэ ику иту махуэм платеж мин 22-м нэблагъэ нэгъабэ цІыхуэхэм щатащ. ЖКХ-м пэкІуэу халъхьэм проценти 135-кІэ хэхъуащ. Ахъшэ Іэрылъхьэ хэмыту кьудамэм щызэІэпахыр процент 59-м щІигъуащ.

ЩІЫНАЛЪЭХЭР хэхаэу зэщІэзыгъэхьэ связым хуэзэпщІэм и процентищым нэблагъэ фІэкІа илъэсищ и пэкІэ Урысейм и Хъумапі э банкым хамылъхьэу щытамэ, иджы а рынокым нэгъабэ пашэ щыхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьудамэм зы илъэсым и кІуэцІкІэ абы процент 24-кІэ щыхэхъуащ: ику иту махуэм транзакцэу мин 18-м нэс щрагъэкІуэкІащ.

- Сыт щыгъуи хуэдэу, ди кьалэн нэхъыщхьэр банк Іуэхутхьэбзэкэр егъэфІэкІуэныкъуэ, пэсыр ящыгъуэкІ, нэхъ тынш, езэгъыбрабгъу щІынырц, ди хэщІапі эхэм эзман лей щафІэмыкІуэду ахъшэр тэмэму зэІэпахын папщІэ, цІыхухэм хуэфащэ щытыкІэ кьахуэзгъэпэщынырщ, - къиГъэлъэгъуащ щІыналъэ кьудамэм и унафэщІ Урысей Хьэмидий.

Урысейм и Хъумапі э банкыр биллинг Іэмалыщ Іэм зэрыхуэкІуам платежхэр зэрыІах щыкІэр ирегъэфІакІуэ, щІыпІэ куэд кьызэщІэзыубыдэ связь лІэужьныгъуэхэри хьихьэу, нэхъыбэу хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм я зэфІэхьыкІэр щІегъэпсынщІэ. ТехнологиецІэм ЖКХ-м хуэзэ пщІэм я тыкІэмрэ штрих-код Іэмалымрэ зрегъэужь.

2015 гъэм Хъумапі э банкым и мурад нэхъыщхьэр платежхэр зэрызэхуагъакІуэ щыкІэр нэхъ нэхъ тынш щІынырщ. Абы и пІэнэныкъуэкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр жьыдэру къэгъэсэбэпынырщ.

- Хэщ Іапі эщІэхэр къызэІутхынущ, Іуэхутхьэбзэ лІэужьныгъуэхэр кьыхэтлъхьэнущ, щыІэхэм зедгъэубгъунущ икІи я зэфІэкІым хэдгъэхьэнущ. Кьапщтэмэ, «ХъумапІэ банк - Онлайн» интернет-системэм «Корзина платежей» ІуэхутхьэбзэщІэр хэдгъэхьэнущ, - къыхигъэщащ Урысбий Хьэмидбий.

Урысейм и Хъумапі э банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Гъэсакіуэхэр ягъэхьэзыр

Къалэн куэд щагъэзащІэ щІалэгъуалэ центрым мазаем и 4-м «Социальнэ гъэсакІуэм и школ» къыщыізэІуахащ. Школым щагъэхьэзырыну я мурадщ зи Іэщ Іагъэм фІыуэ хэзыщыкІ социальнэ гъэсакІуэхэр.

НЫБЖЬЫЩІЭХЭР хурагъэджэнущ гъэсакІуэр зыхуеину Іэмалхэм, Іэщ Іагъэм и щхьэхуэм. МазищкІэ ирагъэджа ижь, экзамен ирагъэтІыжынурэ сертификатхэр иратыжынущ. «Социальнэ гъэсакІуэм и школым» щезыгъэджэнухэр щІалэгъуалэ центрым и Іэщ Іагъэлі пэрытхэу «Илъэсым и егъэджакІуэ-2005», ЮНИСЕФ программэм и лэжьыгъэр ззэныгъуэ, егъэджакІуэ-психолог Кьэжэр Жаннэрэ 2014 гъэм Сочэ щекІуэкІа Олимп Джэгуэм хэтыныхэр хуэзыгъэхьэзырахэм ящыщ, «Уи гъунэгъум дэІэпыкъу» псапащІэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым и кьуэдзэ Борисевич Екатериназрэщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Іимамым зэрытеуам ехьэлІа уголовнэ Іуэху къаІэт

Налшык къалэм 2-нэ Тамань дивизэм и цІэр зезыхьэ и уэрамым тет унэм и щІыхьэпІэм деж 2015 гъэм щІышылэм и 31-м сыхьэт 22-м «Мансур» мэжджытым и Іимамыр мыцІыхуитІым щафэрэжащ.

ФЭЖЬ эзмылІэужьныгъэхэр игъэтауэ лей зытехьам медицинэ Іуэхущ Іапі эм зыхуигъэзащ.

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм и лэжьакІуэхэм Іимамыр зэрыбрэжьам теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ. А щІэпхъаджагъэр зылэжьаХэр къэхутэнымкІэ полицэм и лэжьакІуэхэм къэльыхьэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ.

Къэрал къІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Псапэ

Сабийхэм йогуапэ

Налшык гарнизоным и дзэ прокуратурэ №316-м и лэжьакІуэхэр щІэх-щІэхыурэ я хьэщІэщ КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхуэхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныкъэ социальнэу зыужьныкІэ и министерствэм и «Сабийхэмрэ унагъуэмрэ защІэгъэкъуэныкІэ и республикэ центр» Іуэхущ Іапі эм. Ахэр Іуэхущ Іапі эм и гъэсэнхэм ныбжьэгъу яхуэхъуащ икІи хуабжьу щыгуфыкІыкІуэ я Іуэощ Іэ.

ПСАПЭ щІэным хуэпабгъэ цІыху гу кьабзэхэм сыт щыгъуи кьыхах мыхьэнэ зиІэ, зыхуахьэм сэбэп яхуэхъуну саугъэтэхэр. Центрым кьэкІуэн и пэкІэ абы и унафэщІэм зыпащІэри нэхъ зыхуэныкъуэхэм щІоупщІэ. ГуапагъэкІэ гъэнщІагъэ екІуэкІащ иджырей зэІущІэри. Хьэщ Іэхэм сабийхэм я уэнщагъэр, я Іуэхуэхэр зыхуэзэр зрагъэщІащ. Езы щыкІуэхэри я нэгум гуфІэр кьрихьу балигъэм я къуэщІащ.

Гарнизоным и дзэ прокуратурэ №316-м и гупым центрым сом мин 30-кІэ зыкъыщІагъэкъуащ, пхъэщхьэмыщхьэхэр кьыхуашащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Мазаем и 8-р Урысей щIэныгъэм и махуэщ

Зыужьыныгъэ гъуэгум тету

Мы гъэм илъэс 16 мэхъури, ди къэралым щагъэлъапIэ Урысей щIэныгъэм и махуэр. Абы теухуа Указ щхьэхуэ 1999 гъэм къыдигъэкIауэ щытащ УФ-м и Президентым. Жыжьэ къыщохъэ абы и тхыдэр. ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академиер 1724 гъэм Петр Езанэм къызэригъэпащауэ щытащ. Лъэпкъыпсо зыужьыныгъэм и дежкIэ мыхьэнэщхуэ зиIа а Iуэхущ1апIэм зэреджэр ЩIэныгъэхэмрэ Художествэхэмкlэ Академиет.

УРЫСЕЙ щIэныгъэр дунейм хуэупсащ цIыху цIэрыIуэ куэдкIэ, къэхутэныгъэ инхэмкIэ. Къапщтэмэ, дуней псом щыцIэрыIуэщ Ломоносов Михаил, Павлов Иван, Менделеев Дмитрий, Циолковский Константин, Капицэ Петр, Ландау Лев, Курчатов Игорь, Александров Анатолий, Королев Сергей, Доллежаль Николай, нэгъэщIкIэри. Абыхэм я къэхутэныгъэхэм я фIыгъэкIэ дунейм псом щыпсу Урысейм биосферэр щаджын щIадзащ, хъэршым яутIыпщащ спутник IэрыщIыр, атом станцыр лажьэу щрагъэжьащ.

Урысей, совет щIэныгъэмI 16-м Нобель и саугъэтыр хуагъэфэщащ. 1904 гъэм ди къэралым щыщу япэ дыдэу ар зыхуагъафэщар академик Павлов Иванщ. Илъэситху и пэкIэ, 2010 гъэм, ди хэкуэгъу щIалэхэу Гейм Андрейрэ Новоселов Константинрэ Нобель саугъэтым физикэмкIэ и лауреат хуэщ. Къапщтэмэ, Гейм Андрей Налшык къалэ курыт еджапIэр къыщиухащ. Абы къегъэлъагъуэ апхуэдэ саугъэт лъапIэр Москва, Санкт-Петербург щыпсэухэм я мызакъуэу, ди къэралым и хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм къыщыхъуахэми хуагъэфэщэнкIэ зэрыхъунур.

Иужьрей илъэс зыбжанэм РАН-м и лэжьыгъэм хуабжьу зиужьащ. Абы и Президиумым епхауэ мэлажьэ къэхутэныгъэхэм хэлъ Iуэху кIиинхэмкIэ щIэныгъэ совет зыбжанэ. Апхуэдэхэщ гидрофизикэм, дыкъэзыухъурейхь дунейр хъумэным, хъэршым епха советхэр, дунейпсо щэнхабзэ щIэиныр, тенджыхь-зэмрэ зыхьзмрэ, Арктикэмрэ Антарктикэмрэ джыным хуэунэтIа къэхутэныгъэхэмкIэ советхэр, нэгъэущIхэри. ИригъэкIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэмкIэ РАН-р япщIащ УФ-м, хамэ къэралхэм щыIэ щIэныгъэ зэгухьанысIэ куэдым. Къыпэщылъ къалэнхэм елъытауэ къэхутэныгъэхэр щокIуэкI Академием и щIэныгъэ куэдамэ зэхуэмыдэхэм. Къэралым и щIыпIэ куэдым зыщаужьащ РАН-м и щIыналъэ куэдамэхэми. Абыхэм ящыщу нэхъ ин дыдэу къалъытэ Санкт-Петербург щIэныгъэ центрыр.

Ди республикэм и щIэблэр дяпэкIи тегъэгушхэн хуейщ щIэныгъэм зэфIэкI лъагэхэр щызыIэрагъэхъэным. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъарым Iэмал псори иIэщ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм къыщыщIэдзауэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием кепха институтхэм я дež щиухьжу. 1993 гъэм Налшык къыщызэIуахауэ щытащ РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрыр. Абы и къызэгъэпэщакIуэщ икIи и унафэщIщ УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РАЕН-м и академик, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Иуан Петр.

Центрыр зэрылажьэ илъэс 22-м кърифыбдзэу къэралпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ ин куэд зэфIэхащ. Абы и щыхьэтщ РАН-м жылагъуэ, гуманитар, техникэ, естественнэ щIэныгъэхэмкIэ зыIэригъэхьа екъуэлIэныгъэхэм абыхэм я лэжьыгъэхэри къызэрыхальытэр. Центрым и щIэныгъэIэхэм я зэфIэкI къызэрымыкIуэхэм я фIыгъэкIэ, абы и щIэр щыхьагъэщ Урысейм и мызакъуэу, хамэ къэралхэми. Абы и нэIэм щIэту мэлажьэ Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэщ Информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ институтыр, Бгылъ щIыпIэхэм я экологиемкIэ институтыр, Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ институтыр, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтыр, Бахъсэн нейтринэ обсерваторэр, Терскол астрономие обсерваторэр, Географие институтхэм я, Социально-политикэ къэхутэныгъэхэмкIэ центрхэр. Абыхэм щрагъэкIуэкI информатикэмкIэ, кибернетикэмкIэ, экономикэмкIэ, прикладной математикэмкIэ, биологиемкIэ, географиемкIэ, ядернэ физикэмкIэ, астрофизикэмкIэ, жылагъуэ, тхыдэ-филологие щIэныгъэхэмкIэ къэхутэныгъэ къыхэзырымыкIуэхэр.Ахэр къытохуэр центрым къыщыдагъэкI «Известия КБНЦ РАН» журналым къинэмыщIа, къэралым, нэгъэущI щIыпIэхэм дунейм къыщытехьэ щIэныгъэ къыдэкIыгъуэхэми.

Апхуэдэу КъБЩЦ-м и щIэныгъэIхэр жыджэру ядолажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэми курыт школхэми. Абыхэм зэхалъхьэ ахэр зэреджэну учебникхэр, тхылъ зэхуэмыдэхэр, институтхэм хэту щIэныгъэм щыхагъэхъуэну центрхэр къызэрагъэпэщ. Псом хуэмыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым гулъытэ хуещI щIэныгъэмI ныбжьыщIэхэм я Iуэхур дэгъэкIыным, щIэх-щIэхыурэ зэпеуэхэр къызэрагъэпэщ, абыхэм къыщыхэжаныкIахэр саугъэтхэмкIэ ягъэпажэ.

ЩIэныгъэм щызыIэригъэхьа екъуэлIэныгъэхэмкIэ Урысейр зызыужьа щIыналъэ куэдым зэрапеуэрынур нобэ псоми къагуроIуэ. Апхуэдэу щытми, урысей щIэныгъэр къэралым и дэIепыкъэныгъэ лъэщ хуэныкъуэщ икIи жылагъуэм къыгурыIуэн хуейщ къэралым и зыужьыныгъэм щIэныгъэлIым щиубыдэ увыпIэр зыхуэдэр. Сыт хуэдэ гугъуехьэр нобэ щымыIами, лъэпкъ щIэныгъэлIхэр, дапщэщи хуэдэу, ди Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм и зэIуэзэпэщ псэукIэм хьэлэлу хуолажьэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Мы тхыгъэр зытеухуар Зеикъуэ къуажэ къыщалъхуа, химие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием хэт, профессор Щауэ Iэбубэчырщ. КъБКъУ-м и химие къудамэм щекIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыща, зэфIэкI лъагэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщагъэлIым и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 60 ирокъу.

ЗыгъэпсэхукIэ зымыщIэ Щауэ Iэбубэчыр

ГЪЭЩIЭГЪУЭНРАКЪЭ, Щауэ Iэбубэчыр къыщалъхуа махуэр, мазаем и 8-р, тохуэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Менделеев Дмитрий къыщалъхуа махуэмрэ УФ-м ЩIэныгъэм и махуэр щигъэлъапIэмрэ.

Кupыт еджапIэм фIыуэ щеджа щIалэм химие унэтIыныгъэр къыхихыныкIэ сэбэп къыхуэхъуахэм ящыщу школым а предметыр щезыгъэджа Ует Аслъэнбийрэ и ныкъажгъу нэхъыжьыфI, щIэныгъэлI Къуэдзокъуэ Хьэмидбийрэ.

- А зэманым, иджы хуэдэу, къуажэ сабийр еджным дебгъэхьэхьныр, щIэныгъэм хэпшэну Iузку тынштэкъым. Сэ схуэдэу щIэныгъэм и лъагъуэм ирикIуэну мурад зыщIа си къуажэгъу ныбжьыщIэхэм я щапхъэу щытахэм ящыщт ди егъэджакIуэ Ует Аслъэнбийрэ аспирантурэм щIэс, КъБКъУ-м щылажьэ Къуэдзокъуэ Хьэмидбийрэ. Абыхэм я чэнджэщэмрэ я дерсхэмрэ куэду щхьэпэ схуэхъуат Iэщагъэ схуэхъунур къыхэсхьныкIэ, - ягу кьеГъэкIыж Iэбубэчыр.

Къуажэ школым 1972 гъэм къыщIэкIа нэужь КъБКъУ-м и химие къудамэм щIотIыскъэ Щауэр. Ар 1977 гъэм къеуфи, «Северкавэлектроприбор» заводым илъэскIэ щылэжьауэ, университетым и щIэныгъэ-къэхутакIуэ секторым и щIэныгъэрылажьэ нэхъыщхьэу къащтэ. Зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, Москва дэт, химие технологиехэмкIэ институтым кандидат лэжьыгъэр щыпхеГъэкI.

«Циклонкэ» щIэныгъэ-производственнэ зэгухьэныгъэу Налшык щылам и унафэщIым и къуэдзэу илъэситIкIэ лэжьауэ, 1994 гъэм КъБКъУ-м полимер пкъыгъуэхэм я зыхэлъыкIэр щадж и кафедрэм и егъэджакIуэу лэжьэн щIедзэ икIи 2000 гъэм доцент цIэр къыфIащ. ЕГъэджэныгъэмкI къэхутэныгъэ лэжьыгъэми фIыуэ екъулIэ щIалэм «Химия высокомолекулярных соединений» зыфIищa и доктор диссертацэри КъБКъУ-м щIэпхеГъэкIри, 2000 гъэм химие щIэныгъэхэм я доктор, иужькIэ профессор цIэ лъапIэкэр къыфIащ. 2002 гъэ лъандэрэ КъБКъУ-м и Диссертацэ Советым хэтщ.

Егъэджэныгъэмрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэмрэ Iэкlуэльакlуэ зэдзэхьэ Iэщагъэлlым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ щIэныгъэм. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 200-м нэс, апхуэдэу къэхутэныгъэу 3-м и патент иIэщ. Апхуэдэ хьэлэмэт зыхуэхьэзыр щIэныгъэм и лэжьыгъэ зыужьауэ, 1994 гъэм Iэбубэчыр щIэныгъэ-производственнэ зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэу щытащ. Зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, Москва дэт, химие технологиехэмкIэ институтым кандидат лэжьыгъэр щыпхеГъэкI.

«Циклонкэ» щIэныгъэ-производственнэ зэгухьэныгъэу Налшык щылам и унафэщIым и къуэдзэу илъэситIкIэ лэжьауэ, 1994 гъэм КъБКъУ-м полимер пкъыгъуэхэм я зыхэлъыкIэр щадж и кафедрэм и егъэджакIуэу лэжьэн щIедзэ икIи 2000 гъэм доцент цIэр къыфIащ. ЕГъэджэныгъэмкI къэхутэныгъэ лэжьыгъэми фIыуэ екъулIэ щIалэм «Химия высокомолекулярных соединений» зыфIищa и доктор диссертацэри КъБКъУ-м щIэпхеГъэкIри, 2000 гъэм химие щIэныгъэхэм я доктор, иужькIэ профессор цIэ лъапIэкэр къыфIащ. 2002 гъэ лъандэрэ КъБКъУ-м и Диссертацэ Советым хэтщ.

Апхуэдэ хьэлэмэт зыхуэхьэзыр щIэныгъэм и лэжьыгъэ зыужьауэ, 1994 гъэм Iэбубэчыр щIэныгъэ-производственнэ зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэу щытащ. Зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, Москва дэт, химие технологиехэмкIэ институтым кандидат лэжьыгъэр щыпхеГъэкI.

Iеягъ е фIагъ дбгъэдэлъу цIыхум дыкъалъагъумэ, япэ дыдэу зэгупсысри зыщIэупщIэри дыкъыцIэхьэкIа Iъпкъырщ, дыщалъхуа унагъуэрщ. Араущ къыщIэкIынщ адыгэм псалъэжьу щIыдиIэр: «И адэ и къуэш», «И анэ еплъи, ипхъу къащэ», - жиIэу. Iэбубэчырр и щхьэгъусэ ХьэIишэтрэ яхуэфащэну зы къуэрэ зыпхъуэ эздаПIащ, Гъэзу дахэ трагъэуващ. Абыхэм я насып адэ-анэр щIохъуэпсри, Тхъэм яригъэлъагъу.

- Си хьэлым зыдзэгъуэу зыгуэр схэлъщ - зыгъэпсэхукIэ сщIэркъым, - жеIэ Iэбубэчыр. Насыпыр зыхилъагъуэр сэбэпынагъ зыплъэ Iэнатlэм и къару емыблэжу пэрытнырщ.

Щауэ Iэбубэчыр узынщагъэ быдэ иIэну, и гъащIэр щIэблэм я щапхъэу илъэс куэд къигъэщIэну дохъуэхъу.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Хъуэхъу

Балъкъэыз Жыраслъэн Анатолэ и къуэм физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидат лэжьыгъэр екъулIэныгъэкIэ зэрыпхигъэкIамкIэ дохъуэхъу

Жыраслъэн, щIэныгъэм щызыIэрыбгъэхьа екъулIэныгъэщIэмкIэ, апхуэдэуи Урысей щIэныгъэм и махуэшхуэмкIэ ди гуапэу дыноХъуэхъу. Уи гъащIэ гъуэгур дахэу, узыпэрыт лэжьыгъэм и хъер пльагъуу, узынщагъэ уиIэу, уи пщIэр лъагэрэ уи псэр къабзэу, уи насып вагъуэр узгум иту, уи щэнымрэ акъылымрэ санахуафэр хуаIэту упсэну, щIэныгъэм и лъагапIэщIэхэм унэсыну, унагъуэ насыпрэ дэрэжьагъуэкIэ Тхьэр къыпхуэупсэну ди гуапэщ.

Уи анэшхуэ Зое, уи анэ ФатIимэ, уи щхьэгъусэ Мадинэ сымэ.

● Псалъэжьхэр

Акъылым и анэр гупсысэщ

♦**Акъылым и анэр гупсысэщ.**
♦**ЩIэныгъэ лей хъуркъым.**
♦**ЩIэныгъэншащэр мыгъуагъэщ.**
♦**ЩIэныгъэ зимыIэр нэфым хуэдэщ.**
♦**ЩIэныгъэ зэбгъэгъуэтыным гъунэ иIэкъым.**
♦**ЩIэныгъэ куум пэлъэщыфым къару щыIэкъым.**

● Цыхъушхуэхэм я гупсысэхэр

Лъэпкъым и къарур къызэралъытэр

Лъэпкъым и къарур къызэралъытэр и цIыху бжыгъэкIэкъым, атIэ и цIыхухэм гъэсэныгъэр щIэныгъэу ябгъэдэлъырщ.

ГЮГО Виктор.

ЩIэныгъэм хуэдэу цIыхур зыгъэлъапIэрэ абы хуитыныгъэ къезытрэ нэгъуэщI зыри щыIэкъым.

ПИСАРЕВ Дмитрий.

АкъылыфIэм и гупсысэхэр зэблож, акъылыншэм и щхьэр мэджэрэз.

КЛЮЧЕВСКИЙ Василий.

Цыхур сыт щыгъуи щIэныгъэщIэхэм хуэпабгъэу щытын хуейщ. А хьэл-щэныр Iэщыбгъ зыщIыр цIыху нэсуи къалъытэжырыкъым.

НАНСЕН Фритьоф.

ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхур щIэнгъуаазэ пэлъытэщ.

ГЁТЕ Иоганн.

ЩIэныгъэм гъунэ иIэкъым: сыт хуэдиз екъулIэныгъэкIэ щIыхьэм ЩIэныгъэм, къэкIуэну щIэблэхэм Iэмал яIэнущ абы и гъунапкъэщIэхэр къызэIуахыну.

ГОНЧАРОВ Иван.

ЩIэныгъэ нэс къэугъуеиным гурыфIыгъуэ къезыт щIэблэ зыгъаСэ егъэджакIуэм хуэмыфащэ фIыгъуэ щыIэкъым.

ХАББАРД Элберт.

ЩIэныгъэ гугъу щыIэкъым - щыIэр ар гугъуу къыббгъэдэзыльхъэ егъэджакIуэщ.

ГЕРЦЕН Александр.

Егъэджэныгъэм и къалэныр гъэзэщIа хъуаруэ къыпхуэльытэнукъым абы хэт лъэныкъуитIми - егъэджакIуэм абы и гъэсэныр - ябгъэдэлъ щIэныгъэм адакIэ хагъэхъуэну, гъунапкъэщIэхэм нэсыну гукъыдэж ямыIэмэ.

УМОВ Николай.

● Дифl догъэлъапIэ

Дохутыр икIи усакIуэ

Пщыкl Латмир 1975 гъэм Къулъкъужьи къуажэм къыщалъхуащ. Абы и яп3 тхылъэр езыр иджыри школым щIэсу дунейм къытехьащ. Тхылъым фIищащ «Къуэкlыпlэ пшэплъ». 1992 гъэм курыт еджапIэр къиухри, Латмир щIэтIысхьащ КъБКъУ-м, ауэ литературэракъым Iэщагъэ ищыну къыхихар - дохутырыщ. Пщыкlыр Тхакlуэхэм я союзым хэтщ.

МЕДИЦИНЭ факультетым щеджэми, щIалэм усэ тхыныр IэщIыб ищIакъым, хэбгъэзыхьмэ, ар публицистикэми дихьэхащ. Университетым щеджэнымрэ «Адыгэ псалъэ» газетым щылэжьэнымрэ Латмир зы зэманкIэ зэдизыхьащ. Пщыкlыр тхэным хуэIэижь дохутыр щIалэт, абы гъэщIагъэуну игъэхьэзырыр «Узыншагъэ» напэкIуэцIыр.

1997 гъэм къыдэкIащ Латмир и етIуанэ усэ тхылъыр, «Си гум и Iэпапlэ» зыфIищар. Дохутыру щылажьэ диспансерымрэ «Адыгэ псалъэм» щIэ къалэнхэмрэ Пщыкlым зыкIи къытемыхьэлъэу зэдизыхьыр, абы и щыхьэтщ и ещанэ усэ тхылъыр - «Губгъуэ зэрыджэ» фIэщыгъэр зиIэр.

Латмир и дохутыр Iэщlагъэм щIэныгъэкIэ пищэну зыкъом щIауэ и мурадти, абы къарууз иIэр иритын папщIэ 2003 гъэм и кIэм «Адыгэ псалъэм» Iукlыжащ. «Газетыр хуабжьу сэбэп къысхуэхъуащ, си адыгэбзэр ипсыхьащ». - жиIэрейщ Латмир.

Адыгэ газетым илъэс зыбжанэкIэ щылэжьа усакIуэм, дохутыр щIалэм и цIыху щIыкIэм, хьэл-щэн дахэм ятеухуауэ Iэджэ пхужьIэнут, ауэ псалъэ лей гуэр хуэмыныкъуэу къысщохъу Латмир. Ар нэхъыфIу къыззэрыфцIыхунр и усэхэрщ: ахэр къабзэщ, гупсысэ куукIэ гъэнщIащ.

Пщыкl Латмир къыщалъхуа махуэр нобэ егъэлъапIэри, дохъуэхъу узынщагъэ быдэ иIэну, гукъыдэжымрэ дэрэжьгъуэмрэ щымыщIэу, и къалэмыр жану, и Iэщlагъэм и хъер ильагъуу гъащIэ дахэ Тхьэм къыхуэзэпищэну.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Бжьыхьэ хьэщIэщ

Хьэщlэщым къыщIохьэ бжьыхьэр,
Хьэщlэщым къыщIохьэ пщIыхьыр,
Гупсысэ зэмыфэгъу защIэм
Хьэсанэрэкъым щыдзжьи.

Уо, пщIатэмэ си гум щыхъэр,
Къысхуэдэпхьынтэкъым жьыгъэр -
Хъуити бжьыхьэ нысащIэ,
Си щэхуэр пхуэсIуэтэжьынт.

Хьэщlэщыр бжьыхьэ лэгъунэщ,
И зытхьэщIыпIэ нэгъунэ
Щоджэгур гупсысэ чэфыр,
Си фэр нэхъ пасэу мэжэщI.

Уэракъым фIыуэ слъагъунур,
ИтIани укъыздэхъунущ.
Си уни си пси щIэкIыфIыр
Къыбгурыlуэнущ... Жэщщ...

* * *

Губжьыр зэщIыдокъуэж,
Зэщlыдокъуэж гуэгъэжьыр.
Хъунукъым дыхущIегъуэж,
Дыкъыщыкlуакlэ хьэщIэу.

Уафэр къыдотIэпIыж,
Къыдобзыхьыжьыр щIыльэр.
Сытым и сэбэпыж
Къимыкlыкlыкlыну жылэм?

ЩIыдагъэхьынур сыт
Гупыкlыгъуей пэш уардэм?
Псэр хуэныкъуэжьжъым зы,
КIэрыхьэжамэ аддэ...

* * *

Дауэ уи фIэщ сщIыжыну
Си псэр уи жэщ хъумакlуэу?
Си псэм и жэщ гъы макъыр
Дауэ уи фIэщ сщIыжьн?
Пкъыр игъэтхытхыу щIыIэщ
Гуэлым къыхиху акъужьыр,
Мазэу си шыпхьу нэхъыжьым
Дауэ сыноупщIыжьн?
Махуэр яхьыж зыщIыпIэ,
Жэщщр яхьыж зыщIыпIэ,
ГъащIэр си щыпэлъагъуу
Дауэ уи фIэщ сщIыжьн?
Псэм къыхсхуиIуатэр хьэлэщ....
Схуэмыхъуэжа си хьэлыр...
ГъащIэм щIэщыгъуэ хэлъу
Дауэ си фIэщ сщIыжьн?

* * *

Афlэкl сумыбгынэ, афlэкl успымыкl,
Афlэкl къысхуумыхь хъыбар гуауэ.
Сэ гъащIэм иджыри зыгуэр хызощIыкl,
Си нитIыр уэсэпсым добауэ.

Кхъухьлъатэм зыкъещIыр нэхъ
лъахъшэ, нэхъ хуэм,
Нэхъ Iэсэ зыкъещIыр зэманым...
Си усэм и псынэр дэкIуадэми къуэм -
Афlэкl пхуэIэжкъым гукъанэ.

Афlэкl закъуэныгъэр фэеплъ
къыхуумыщI,
Сэ сощIэ дакъикъэм и уасэр...
Жэщ щIыIэ жейхуэлIэм зы
нальи хэмыщI,
Уи куэщIым илъ си щхьэр мэуназэ.

Сонет кIасэ

Уэнжакъым ищтыхьырти Iугъуэр,
ЩIымахуэр къэсауэ си гугъэт,
ЩIалэгъуэр блэкIауэ къысфIэщIт,
Жыжьэти, си гур хэбгъащIт.

Ужьжьэти - си гур бгъэхъуапсэрт,
Псынэпсым и лъащIэр къабзэт,
Уэрыншэу сыпсэути - сызэшт,
БжесIэни слъэмыкIт: «Къэгъэзэж».

Нэхумыщым сыдыхьэрти къалэм,
Лъэужь къэбгъэнахэм сепсалъэрт.
Си Iупэр хуэсхьыпэми щIым -
Уи закъуэти, пагэу ущымт.

Уэнжакъым ищтыхьырти Iугъуэр,
Зэманыр къэувыIэу си гугъэт.

Iуащхьэмахуэ лъапэ

1

Мыбыкlэ жэщхэр щынэхъ кIыфIщ,
Губгъуэ зэрыджэр щынэхъ гуащIэщ,
Вагъуэ цIуугъэнэр щынэхъ мащIэщ,
Хьэуа Iубгъуэм уещIыр чэф.

Пщыкl Латмир

Мыбыкlэ си псэр щынэхъ уэфIщ,
Бжьыхьэпэ уэшхыр щынэхъ пхъашэщ,
Мазэнщэ уафэр щынэхъ лъахъшэщ,
ЦIыху закъуэныгъэр щынэхъ Iэфlщ.

2

Уэрэд къыхэдзи сыгъэгуфIэ,
Сумыгъэжьжу - сыгъэгувэ,
Мэз кIыфIым пхыкI
лъэс лъагъуэ закъуэм
Дигъэгуэщэнкъым, сыпхуэсакъымэ.

Шу гъусэу тщIыгъущи Iущащхэмахуэ,
Гум щыдгъэпщкIуаxэр ещIыр нахуэ.
Уэрэд къыхэдзи, си нэхунэ,
МазэщIэ псэм къыщIынэхунущ.

Къэдгъэдэlуэфмэ Бахъсэн псыхъуэр,
Ди махуи жэщи хуунущ бзыгъэ...
Сэ сыкъэнэнукъым си закъуэ,
Узигъусэхукlэ - сыусакIуэщ.

* * *

Уафэр хэпщIыкIыу кьелъэхъшэхащ,
Щыжумыщэжым си фIыцIэ,
Къуршым пшэ гуартэр къыщхьэдэхащ,
Псэм къепыджауэрэ фIыцIэу...
ЩIыIэжым ушэхъу сызыгъэфIэн,
Сызыгъэфlыни щымыIэ.
ЩIыIэр фадэбжъэ сезыгъэфэнщ,
Псэм къебгъэрыкIуэмэ щIыIэр.

* * *

Дыгъэуи дыгъэкъым,
Мазэуи мазэкъым,
Сыкъигъэгугъэркъым,
Сызригъасэркъым.
Сызригъажьэурэ,
КIуащ илъэс бжыгъэ,
Бжьыгъэуи бжьыгъэкъым,
Жьыгъэуи жьыгъэкъым
Къытринар си бжэщхьэIум темыкIыу.
Сыхуэусащ сыпсэухукIэ слъэмыкIыу -
Дыгъэуи дыгъэкъым,
Мазэуи мазэкъым,
Схуэмыгъэпэжмэ -
ЩIай сриуасэкъым.

ЛъэIу

Сыкъыщыкlуакlэ, сыщыгъэIэ
Мы дуней фIыгъуэр щызэрахьэм,
ПщIы дахэ куэдхэр щызэрахьэм,
Зэрызмыхъэфхэр щыщIагъэIэм.

Сыкъыщыкlуакlэ сыщыгъэIэ,
Сигу ирихьыныкIэ мэхъу уэ пщIантIэр,
Къыслъмыгъэсми уи жьантIэр,
Сыкъебгъэлынщ гъэмахуэ щыIэм.

Сумыгъэжьэж, къысфIэпщу хамэ -
Си псэр пхуэсщIынщ теIущIыкIыпIэ...
Сыкъыщыскlэ псы икIыпIэм
Сызэпрыш, пщIэххэнуIамэ.

* * *

Уи фIэщ умыщI сиIауэ нэгъуэщI хэку,
Зи гупкIэ сисым и уэрэд жысIауэ,
Нэхъ хъасщтэу къыхэсхауэ
нэгъуэщI гъуэгу,
Уи деж сынэзышэжьм нэмыщIауэ.

Дунейр щIиIубэжами, сыкъелынт,
Уи нурым и зы кIапэ къысхуэнамэ,
Си щIэблэм и гум фIыкIэрэ силъынт,
Уи пэжым и зы Iыхьэ къысхэнамэ.

Уи фIэщ умыщI
сыхъуауэ нэгъуэщI цIыху,
МылIэжьынлIэ бзаджэр къысIуикIауэ.
Сызэрыпсэур
уи дзыхь къызэбгъэзыхущ,
Си лъагъуныгъэм уигу къыщымыкIауэ.

* * *

Зигуэрурэ зезгъэсэжьнщ
Жэщыбгым хэIущхъукI уафэм,
Уэнжакъым илыдыкI мафIэм,
Тельыджэу хэдзэкъыкI гум.

ЩIымахуэр езгъажьэжьнщ,
Хуэсщlыжу кIэлъыгъэхуабэ,
СхуэмыщIыжами и гуапэ,
И пщIантIэр сыпхэжькIыжьнщ.

Зигуэрурэ зезгъэсэжьнщ
Жэщыкум дыгъэ къыщIэкIым,
Уи лъагъуныгъэ сIэщIэкIым.
Мыхъунумэ - зезгъэсыжьнщ.

ТхьэкIумэкIыхь шынэкъэрабгъэ

Псей жыгым и лъэдийм кIэрыгъэщIауэ жей Мыщэр гъы макъым къигъэушащ. Ар едэIуапэмэ, ТхьэкIумэкIыхь цыкIур эщцыджэрт.

- Сыту сынасыпынчэ сэ! Сыту сытхьэмыщкIэ сэ! Сэр фIэкIа яшхын щхьэ ямыгъэтрэ къашыргъэми, дыгъужьми, бажэми. Сэри абыхэм сащошынэри, къызэрысIагъуу зызогъэпщкIу. Апхуэдизу щхьэ сышынэкъэрабгъэ? - зиухыжьипэрт псэущхьэ цIыкIум.

Мыщхьэм ар фIэгуэныхь хъуауэ едэхэщIэну зыщIэтым, Iэуэльауэм игъэщта ТхьэкIумэкIыхьыр щIэцIывэжащ.

Мыщхьэр тэлайкIэ абы кIэлъыплъа иужь, и щхьэр игъэсыщ, и жьэпкъым етIэхъури, пыгуфIыкIыу ежьэжащ.

Пщэдджыжьым жьыуэ къэуша Къанжэм хуейм и курыкупсэм ит ашыкIышхуэм занщIэу гу льитащ. Псом япэ псори ззэзгъэщIэну зыкIэIэ Къанжэм ар гъунэгъуу щыIэзгипплъыхьым къилъэгъуащ «Нэхъ шынэкъэрабгъэ дыдэ псэущхьэм ейщ» жиIэу зэрытетхар.

- Уэ-хьэ-хьэхь! Сыззрытеун къэзгъуэтащ. Бажэм дежкIэ секIуэкIынщи згъэбэмпIэнщ, - жиIэри ежьащ.

Бажэр щхьэукъуауэ Iуащхьэм тести, Къанжэм къигъэщтащ:

- Бажэ цIыкIу, хэт нэхъ лъэщ дыдэу мы мэзым щIэсыр? - жери.

- Емынэм уимыхькIэ уэ бзу кIэкIэрейр, сыкъэбгъэщтащ! Ар сыт упщIэкIэ делэ! Сэращ нэхъ лъэщ дыдэр! Ар япэраущ. ЕтIуанэрауэ, Iэмалищэрэ зырэ зыщIэ Бажэжьым къиплъхуахэм сащыщщи, сэ нэхърэ нэхъ Iэмалшыи мы мэзым щIэскъым.

- НтIэ, нэхъ шынэкъэрабгъэ дыдэр хэт? - увыIэртэкъым Къанжэр.

- Си жейр степхуащ, Къанжэ. Уи цыр сымыщ щыкIэ зыIуегъэх! - губжьащ Бажэр.

- Хъунщ, хъунщ, умыгубжь. Шэджагъуэнэужьым хуейм деж накIуэ, зэхуэс щыIэнущи, - жиIэри Къанжэм Дыгъужьым дежкIэ игъэзащ.

- Дыгъужьыр мэжалIэрти, гукъыдэжьнышэу Къанжэм къыIущIащ:

- Сигу ирихьын хъыбар къыхсуумыхьамэ, къызжиIакъым жумыIэж, зыц къыптеэзнэнкъым. ИIэ, къыпхъ...

- Зы упщIэ закъуэ сиIэу арат, Дыгъужьжьь, - зыхуигъэцIыкIуащ абы Къанжэм. - Хэту пIэрэ нэхъ шынэкъэрабгъэ дыдэу мы мэзым щIэс псэущхьэр?

- Арат иджы къысхуумыгъэфащэу къэнэжар! Сэра шынэкъэрабгъэкIэ уэзщIу! ЗыIуегъэх, узыIурызмыдзэ щIыкIэ.

- Хъунщ, хъунщ, умыгубжь. Шэджагъуэнэужьым хуейм деж накIуэ, зэхуэс щыIэнущи, - жиIэри Къанжэр лъэтэжащ адрей псэущхьэхэм хъыбар яригъэщIэну.

Мэзым псэущхьэу щIэсри шэджагъуэ нэужьым хуейм деж щыIэзхуэсауэ ашыкIым щхьэкIэ зодауэ, ззэрофыщI. Шынэкъэрабгъэу зыми зимыуэмысыжми, дэтхэнэми ашыкIыр езым ейуэ тхьэ иIуэрт.

Дыгъужьым лъэщыгъэкIэ ашыкIыщхьэр яфIытричри, и гурыIуфIэр къажэу, ашыкIым щилъэм:

- Хэт нэхъ шынэкъэрабгъэу фхэтыр? - жиIэу гъуэхъуэу Мыщэр хэпищащ.

Псэущхьэхэр щтэри, псори щхьэж я занщIэу мэзым щIэлъэджащ, ТхьэкIумэкIыхь закъуэм фIэкIа къэмынэу.

- Уэ ущIэпхъуэжакъыми-тIэ? - зыхуигъэзащ абы Мыщэм.

- Сэ, зиусхьэн Мыщэ, псом нэхърэ сынэхъ шынэкъэрабгъэщ, - жиIащ абы, и макъыр кIэзыгъ.

- Уэра нэхъ шынэкъэрабгъэр? Зыплъыхьыт-тIэ! Дэнэ щыIэ Дыгъужьри Бажэри? Ахэр псори къысщышынэри щIэпхъуэжащ. Уэ зы закъуэращ си пащхьэм къинар. ТхьэкIумэкIыхь цIыкIу, умышынэу, ущIэмыпхъуэжу пэжыр жыпIащи, уэр нэхърэ нэхъ лIыхъужь мы мэзым щIэскъым. Ар сыт щыгъуи уигу игъэлъ.

А тIыр зэбгъэдэту къэзылъэгъуа псэущхьэхэм Мыщэр зи ныбжьыгъу ТхьэкIумэкIыхьым и Iей абы иужькIэ зэрахуэжакъым.

МЭЛЕЙ ФатIимэ.

Иджыблагъэ Налшык къыщыдэкIащ барон Леон де Марикур адыгэхэм триуха и гукъэкIыжьхэр *(Париж, 1868 гъэ)*. Тхыгъэр зэридзэкIащ Мэлбахъуэ Къэралбий. "Гъыбзэ" тхылъым итщ ГъукIэпщокъуэ Щауэмир и сурэтхэр.

● Интернетым дыкъыщоджэ

Зы мелард зимыIэ бей

Ар Duty Free къыззэгъэпэщаращ. Иджыпсту и ныбжьыр илъэс 81-рэ мэхъу, доллар меларди 7,5-рэ и уасэ мыльку бгъэдэлъщ. Ауэ щыхъуркIи, зы машини иIэкъым, къуэхьлъатэ щитIысхьэкIэ, экономклассыр къыхех, фэтэрыпщIэ зыщIит унэ щIэсу аращ. Фини Чак доллар 15 зи уасэ Iэпщэ сыхьэтщ итлъыр. Къыщалъхуа и хэкум, Ирландием, америкэ турист гуэру я гугъэщ, и зыхуэпэкIэр апхуэдизкIэ къызэрыгуэкIащи. Ресторанхэм щIыхьэныкъым, шхапIэ цIыкIу игъэзыту, дэрбзэр Iэзэ кьилъыхъуэрыкъым, тыкуэн цIыкIу щыIэу, метро я таксикIэ кьикIухьу аращ.

Зы кIэпIейкIэми щысхь лIыжь быдэ гуэру уи гугъэнт иужьрей илъэс 30-м кьриубыдэу псапащIэ Iуэхум доллар меларди 6 химильхьатэмэ. А ахъшэр текIуэдащ США-м, Вьетнамым, Австралием, Африкэ Ипщэм, Ирландием, Бермуд хьITыгум жьы хъуахэр щапIыжу щыIэ унэхэм щIэсхэм ядэIэпыкъуным, щIэныгъэр, егъэджэныгъэр, узыншагъэр хьумэныр егъэфIекIуэным. Ар иджыри къэувыIэну зигъэхьэзырыркъым икIи и мурадщ къыхуэнэжа ахъшэр псори 2016 гъэр къэсыху псапащIэ Iуэхухэм хилъхьэну.

Фини Чак а ищIэм папщIэ щIыхь къилъыхъуэркъым. Кьилэжьа доллар мелардхэр щигуэшкIэ, зыми гу къыпIимытэмэ, къытемыпсэлъыхьымэ нэхъ къецIэ. Ипэ илъэс 15-м ар ибзыщIафат, ауэ и псапащIэ Iуэхухэм хуабжьу зиубгъури «къыщIагъэщащ». 2012 гъэр къэсыху абы интервьюи 5 итауэ аращ.

Чак цIыху къызэрымыкIуэщ. ХьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIу иригъажьэри, къэрал 27-м цIыху 200 щыIажьэ компаниехэр къыщызэIуихащ. Абы и мылъкур псынщIэ дыдэу багъэрт, ауэ ахъшэу къыхэкъуэр езым къызэригъэпэща The Atlantic Philanthropies псапащIэ фондым кIуэрт.

«Сэ хьэкъ сщыхъащ къэблэжьа ахъшэр зыгуэрым ептрэ сэбэпынагъ пылъу къызэригъэсэбэпыр, псалъэм папщIэ, сымаджэщ зэриухуэр плъагъуным гур зэригъэзагъэр. Ар куэдкIэ зэхьэфIкъэ, банкым хэплъхьэрэ багъуэу хэлъ нэхърэ», - жеIэ Фини.

Гейтс Билл жиIауэ щытащ Фини Чак щапхъэ зытехьыпхъэ цIыху щыпкъэу зэрыщытыр.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Гушы Iэхэр

Дыгъужьым и жэуап

Дыгъужьымрэ ТхьэкIумэкIыхьымрэ шхапIэм щIохьэ.

- Сыт фшхын? - къабгъэдохьэ пщафIэр.

- Пхъы, - жи ТхьэкIумэкIыхьым.

- Уэ-щэ?- йоупщI пщафIэр Дыгъужьым.

- Сэ сымэжалIэу щытамэ, мы ТхьэкIумэкIыхьыр мыбдеж щысын уи гугъэрэт?!

Ахъшэр бидоным илъщ

Хъыджэбз цIыкIум бидон иБыгъыу тыкуэным макIуэ.

- Сыт ухуей уэ цIыкIур? - жи тыкуэнтетым.

- Мамэ шатэ жиIащ...

- Дапщэ?

- Мамэ бидоным из жиIащ...

Тыкуэнтетым бидоныр къыIихри, шатэ изу иригъкIауэ:

- И уасэр къызэт, - жи.

- Мамэ ахъшэр бидоным илъу жиIащ.

Политикхэмрэ дыгъуакIуэхэмрэ

Зэпеуэ йокIуэкI:

«Зы псалъэухакIэ жыIэ политикхэмрэ дыгъуакIуэхэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр» упщIэм «Политикхэр дэ къыхыдох, дыгъуакIуэхэм дэ дыкъыхах», - жиIэу жэуап къезытам япэ увыпIэр хуагъэфэщащ.

● Цыху Iущхэм я гупсысэхэр

Модэм и убзыхуакIуэ

Шанель Габриель Бонёр 1883 гъэм Сомюре (Франджы) къыщалъхуащ. Абы и ныбжьыр илъэс 12 щрикъум и анэр дунейм ехыжащ. ИужькIэ и дапъхуупIымрэ и шыпхъуэхэмрэ я гъусэу адэм хыфIидзэри, сабийхэр щапIыж унэм иратауэ щытащ. Габриель илъэс 18 хъуа нэужь лэжьэн щыщIидзащ щыгъын щащэ тыкуэным. Зэман щиIэм деж хъыджэбз цIыкIум кабарем уэрэд щыжиIэрт. НэхъыфIу илъагъур «Ko Ko Ri Ko», «Qui qua vu Coco» уэрэдэхэрати, езы пщащэми Коко къыфIащауэ щытащ. УэрэдзыкъакIуэ хъуакъым ар, ауэ 1910 гъэм Париж щыгъын щащэ тыкуэн къыщызэIуихащ. ИтIанэ бзылъхугъэхэм папщIэ пыIэ цIыкIуэр ищIу щIидзащ, ауэрэ МодэмкIэ унэ кьызэIуихащ.

«Ридиколыр къесхьэкIыу-рэ сешащ», - жиIэри, Iэпэ сумкэ идащ Коко. 1955 гъэм ар утыку кьрихьауэ щытащ. 1921 гъэм дунейм кьытехьащ цIэрыIуэ хъуа «Chanel №5» дыхъэ. Ешхьэ Коко щIэрыпэ бостей фIыщIэ кIэщI цIыкIуэр къезыгъэжьари. Ар махуэми пщыгъ хъунут, зэхьыхьэхэми урикIуэну къеззгъырт, пшыхь зэмыIэужьыгуэхэми урихэт хъурт, бостейм и гъусэу зэрызыбгъэщIэрэщIэ хъэпшыпым елъытауэ.

Шанель идахэмрэ и Iэдакъэщ IэкIэмрэт бзылъхугъэ къулейхэм я пльапIэр. Абы и сумкэ цIыкIуэр, дыщэхэкIэр, вакъэхэр дэнэ къэрали щызэбграхьырт. 1950-1960 гъэхэм Коко голливуд студие зэмылIэужьыгъуэхэм дэлажьэу щытащ, абы ихуапэрт актрисэ цIэрыIуэхэу Хепберн Одри, Тэйлор Лиз сымэ хуэдэхэр.

И ныбжьыр илъэс 87-рэ хъуэу 1971 гъэм дунейм ехыжауэ щытащ Шанель. Ар Швейцарием щыщIалъхьащ. 1983 гъэм Лагерфельд Карл МодэмкIэ унэм и дизайнер нэхъыщхьэ хъуащ.

Шанель Коко цIыхухэм я гум кьызэринар модэм и убзыхуакIуэ къудейуэ-къым, атIэ ар хуабжьу акъылыфIэу, жьакIуэу, Iущу щытащ. ЗэрылIэрэ зэман дэкIами, абы и псэупIафэхэр нобэми цIыхухэм ягурыIущ.

МИС АБЫХЭМ ЯЩЫЩ ЗЫБЖЬАНЭ

Бзылъхугъэм и щхьэщ зэщIэкъуэкIэр ихьуэжамэ, куэд мыщIэу и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэну араща.

* * *

ЦIыхубз мыдахэ теткъым дунейм, щхьэхынэ мыхъумэ.

* * *

ЗэкIужу, щыкIафIэу дунейм утетын щхьэкIэ Iэмал имыIэу ущIалэу, удахэу ущытын хуейкъым.

* * *

Жьыгъэм лъагъуныгъэм дыщихьумэрэкъым, ауэ лъагъуныгъэм жьыгъэм дыщехьумэ.

● Гупсысэр - псалъэкIэ

Псэхэхым и натIэ

Къеуфэрэзыхьыр псэхэхым, къилъыхъуэу игу ирихьын. Зыжьэхегъауэ зэ щхьэ, хуимыдIамэ, кIэбгъу зыкъещIыж. Зэми жьэхолъэ нэгъуэщIым, щищIыжу къигащIэр дыдж. ФIэхъуу псэкIуэд сымаджэр, лажьэншэм и лъдж щIеуд. ЗигъэнщIыркъым ауи псэхэхым, ар бжыгъэм кIэлъымыплъыж. Ар дапщэм ихьа я пащхьэ, цIыху дапщэ игъэгуIа, зэхэдз имыщIу ин-цIыкIукIэ, игъащIэм зым щымысхьа.

ИцIыхуркъым псэхэхым цIыхухэр, я теплъэкIи хуэхэмых. Хьэфизщ, къытехьэмэ дунейм, абы Iэбэрабэурэ кьеклъых. Ар псэ зыIуту зытелэбэм, кIэухыр натIэ яхуэхъуащ. Ужьыхыжарэ упщIыIуауэ, Iэмыщ1ам илъу ихьыж псэхэм, ар щаIуплъэжыр нэсыжа иужьщ. Зэм хущIогъуэж, зэми къокIуэтыж, гущIэгъу имыIэр къыкъуокIыж.

Хуэмыарззэыуэ, ДыкъэзыгъэщIар, абы йошхыдэ куэдрэ Тхьэшхэр. Езыми, Тхьэм и нэфIыр къилэжьын мурадкIэ, ирешэж и пащхьэ цIыхум я нэхъыфIы ягъэIуар. Тхьэр къыитохьэжри, аргуэру псэхэхыр Iэбэрабэу къытохьэж. Ди щхьэфэм къытелэбэмэ фIэкъабылу, тхьэкIумэр тегъэхуауэ дякум щоджэрэз.

Къеуфэрэзыхьыр псэхэхым, къилъыхъуэу игу ирихьын.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Прозэу тха усэ

Уэрэд

Ар щIэхыу носри гу уIэгъэм, и лъащIэм хъуаскIэ щыIэпоху. Зы хъуаскIэ жылэр къызэрокI, гу лъащIэм гъащIэ къотIэпIыкI. Уэрэдым жеIэ: «И цIэр фIэщ, и гугъэ нэпсри умыIэщI»... ПкъыроузыкI макъамэм псалъэ. Уэрэдым ещIэр гум и пIалъэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: 3. Зы ... тIэу трахкъым. **5**. ... чэзуц. **7**. ЗыгъэпскIыпIэ. **8**. ТхылъымпIэ, гъущIыкIэ хуэдэхэр зэрызэкIэрагъэлащIэ. **11**. Ахъшэ жьгъей. **13**. Бзэгур, жьэ кIуэцIыр къэзыс ерыскъыгъуэ гуэр. **14**. А баздзэжьыр гъэмахуэм мэятэ. **15**. ... техьэ тенэрхьым. **17**. Адыгэ узрэджьIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист. **18**. ... пыIэ. **20**. ЩIыпIэ хуабжьэм кьраш пхъэщхьэмыщхьэ. **22**. ... кьанэри, щIэупщIакIуэр лIащ. **23**. Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **25**. Адыгэ композитор, цIэрыIуэ. **26**. Колхозхэм Iэщ ... яIащ нэхъапэм. **27**. ЩIэжьей, кьалъхуагъащIэ. **29**. Метрищэ къыщыззэдэжам псом ... ищащ ди гъунэгъу щIалэр. **31**. Пасэрей зауэлI джанэ. **34**. Лым сабий нэхъ цIыкIуIуэхэр зэреджэр. **35**. Нысэ къэзышам екъуэзыр хабзэщ: «Къуэбын- ... Тхьэм пхуищI!» **37**. Джэдхэм я «гъуэлъпIэ». **39**. ХъумпIэцIэдж Iуащхьэ. **40**. Мэкъу пыупщIа сатыр.

Къехыу: 1. ЦIыхухъуцIэ. **2**. Хьэжъущыкъу. **4**. ЗэрышагъащIэхэм яхуэгъэзауэ мыпхуэдэ хъуэхъу жаIэ хабзэщ: «... цымрэ хуэдэу Тхьэм зэкIэригъапщIэ». **6**. Дзыдзэ лъэпкъым щыщ къэкIэкхъуэкIэ цIыкIу. **7**. Хадзэкхэ хисэн хьисэпкIэ унагъуэм игъэхьэзыра щIы. **9**. КъурIэным и зы пычыгъуэ. **10**. Ельциным и хьэмтетыгъуэм министру, правительствэм и унафэщIым и къуэдзэу щытащ. Мы зэманым Дагъыстаным и лIыщхьэщ. **12**. ...-махуэми ахъшэ тIэкIу зззгъэпэщIри гуэщ щIащ. **13**. Дунейр щыщIыIэм деж унащхьэхэм, жыгхэм трищIэ уэс пIащIэ. **16**. «Бесльэней пцIапцIэу ..., си шэм и кIуэкIэр уигу ирихьа?» - жиIэри Андемыркъан зыхуигъэзащ пщыхуэм. **17**. Члисэ узэджьынэ. **19**. Хадзэкхэ. **21**. ... зыхэвэ нэхърэ, бжэн зыхэпкIэ. **24**. Си ныбжьэгъум и щхьэщым МащIэу ... хидзащ. **25**. Шым и плъыфэ. **28**. Псыежэхым и ... макъ. **30**. Мылъку зи куэд цIыху. **32**. Хэтхэ я уна ... тес? **33**. Фдэзн ящIыну зэгуагъэжа былымыфэ. **36**. Яныныкъуэ удэхэм ятет «мастэ». **38**. Адыгэ лъэпкъхэм ящыщу кIуэдыжа лIакъуэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



ЩIышылэм и 31-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 6. Мазэхэ. **7**. Узэжакъ. **9**. Бдзы. **10**. КIэфий. **12**. Делэм. **14**. Iэдэб. **17**. Чырэ. **18**. Гъэужь. **21**. Быж. **19**. Хъурыфэ. **21**. Быж. **22**. Кьулъшыкъу. **26**. Бейгуэл. **27**. БжьапщIэ. **31**. Хьэрэм. **32**. Гъурц. **33**. ХьэIуIэ. **36**. Хьэдэ. **37**. Фэнд. **39**. ЛантIэ. **40**. Кьурмэн. **42**. ПапщIэ. **43**. Ажэ. **45**. Фызабэ. **47**. Хъалмыкъ.

Къехыу: 1. Уз. **2**. Шхий. **3**. Гуэдз. **4**. Нэгъуд. **5**. КIуж. **6**. МэкIэрахъуэ. **8**. Къамылыкъуэ. **11**. Фоч. **13**. Лыжь. **14**. Iэщ. **15**. Дыжьын. **16**. Бгъэ. **20**. Фейдз. **23**. «Лъапсэ». **24**. Узгъу. **25**. Бжьы. **28**. ТхьэрыкIуэф. **29**. Аркъэн. **30**. Къэрэхьэлъкъ. **34**. Мэл. **35**. Iуфэ. **36**. Хьэм. **38**. Дэп. **41**. Ныбэ. **42**. Пщае. **44**. Жыг. **46**. Зэ. **48**. Мэ.

● Адыгэ шхыныгъуэхэр

Бжэныщэрэ шэ хуабэрэ

Адыгэхэм бжэныир бегъымбар шхыну ябжыр, абы и фэри нэмэзлыкъ ящIу щытащ.

Бжэныщэ гъэвэжагъащIэр хывышэм е бжэнышэм халъхьэри, мафIэ цIыкIум трагъэувэ, зэIащIэурэ дакъикъэ зытхухкIэ къытрагъэхъуалъэ. ИтIанэ къытраихэжри, и хуабагъыр градус 30 - 35-рэ хъуху ягъэупщIыу. Шэ хуабэр шха нэужь трафыхьыжу араща. Мы хущхъуэгъуэр щызэрахьэлIэм деж ерыскъы пщтыри щи щIыIэ дыди ящхыни ефэни хуейкъым. Мыр нэхъ зи хущхъуэгъуэу ябжыр зи бгъэм щIыIэ хыхьахэмрэ жьэн уз зиIэхэмрэщ. Сымаджэм тэмэму зрихьэлIэмэ, мазитIмазищым ыжьжьын хуейщ.

Халъхьэхэр:

Бжэнышэу е хывышэу - грамм 1000
Бжэныщэ гъэвэжауэ - грамм 200.

ЩIыдэ хьэлыуэ

Тхъу къэплъа зэрыт шыуаным, бэлагъкIэ зэIащIэурэ, щIыдэ гъэгъуа хьэжа хакIутэ. МафIэр цIыкIу ящIри, зэIащIэурэ дакъикъэ 20 - 25-кIэ ягъажьэ, хьэжьигъэр тхъуэплъ дахэ хьухукIэ. Шыуанэр пэшъэкум къытрах, фошыгъупс пщтыр хакIэри, бэлагъкIэ ящ, кьыркуэ хэмылъу псори зэхэззэрыхьыху. Хьэлыуэ жьар зэрыпщтыру шыуаным кьрах, тхъу зыщцыхуа Iэнэм тралъхьэри, я Iэр псы щIыIэм хащIэурэ зэпэплимэу яубэ, и Iувагъыр сантиметри 2 - 2,5-рэ хъууэ. Яуба хьэлыуэр хуабэ щIыкIэ IупщIэурэ яупщIатэ.

Фошыгъупсыр зэращIыр: псы хуабэм фошыгъур хакIутэри зэIащIэурэ ткIуху, дакъикъэ 14 - 15-кIэ, ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ, бинткIэ язык.

Халъхьэхэр:

ЩIыдэ хьэжауэ - грамм 900
Тхъууэ - грамм 200
Фошыгъуу - грамм 450-рэ
Псыуэ - грамм 500

КЪУБАТИЙ Борис.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ IуэхуцIапIэхэм ядэIэкъэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалъэта Iуэхутъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеуту зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Элэ, редактору Щхьэщэмыщ1 Изэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дзIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариванэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанищ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №198